

Aplikasyon règleman yo (kontinyasyon)

Montan Kontravansyon	
Premye Ofans	Ofans Annapre yo
\$510	\$1,010

Yo pral bay kontravansyon yo imedyatman apre yon mèt pwopriyete resevwa yon Avètisman Koutwazi preyalab.

Penalite yo akimile lèfini yo ka plase yon dwa retansyon sou pwopriyete a, si yo pa peye amann yo, frè aplikasyon règleman yo, ak frè administratif yo e/oswa si yo pa rektifye vyolasyon an.

Yo ka akòde tan adisyonèl pou konfòme a règleman an nan Avètisman Koutwazi yo. Tanpri Kontakte biwo Règleman Katye a (Neighborhood Regulations) pou mande pou yon ekstansyon.

Depatman Resous Ekonomik ak Règleman Miami-Dade (Miami-Dade Regulatory and Economic Resources Department) angaje l pou l bay piblik la sèvis, pou l fè sa, li asire l gen konfòmite anplas pou tout kòd ak règleman aplikab yo, defason pou kenbe tout katye yo san danje e pou amelyore kalite vi kominote a.

Pou enfòmasyon adisyonèl sou itilizasyon yo otorize pou kay rezidansyèl pou yon sèl fanmi yo ...

- Rele Divizyon Règleman Katye a (Neighborhood Regulations Division) nan (786) 315-2552
- Rele nan 3-1-1 pou Sant Repons Konte Miami-Dade la
- Ale sou sit Entènèt la nan www.miamidade.gov/building

Pou rapòte nenpòt vyolasyon nan kòd katye a, tanpri, rele nan 3-1-1 oswa ekri yon lèt epi voye l pa imèl nan 311@miamidade.gov.

Bwochi sa a se yon gid jeneral li ye e li pa gen priyorite sou Kòd Òdonans Konte Miami-Dade la.



Carlos A. Gimenez, Majistra

ASANBLE KOMISYONÈ KONTE

Jean Monestime, Prezidan; Esteban Bovo, Jr., Vis Prezidan;
Barbara J. Jordan, Distrik 1; Jean Monestime, Distrik 2;
Audrey M. Edmonson, Distrik 3; Sally A. Heyman, Distrik 4;
Bruno A. Barreiro, Distrik 5; Rebeca Sosa, Distrik 6; Xavier L. Suarez,
Distrik 7; Daniella Levine Cava, Distrik 8; Dennis C. Moss, Distrik 9;
Sen. Javier D. Souto, Distrik 10; Juan C. Zapata, Distrik 11;
José "Pepe" Díaz, Distrik 12; Esteban Bovo, Jr., Distrik 13

Harvey Ruvin, Grefye Tribinal yo; Pedro J. Garcia, Evalyatè Pwopriyete;
Robert A. Cuevas Jr., Avoka Konte

Konte Miami-Dade bay aksè egal ak opòtinite egal nan anplwa ak nan sèvis e li pa diskrimine poutèt andikap.

"Se règleman Konte Miami-Dade pou l konfòme l a tout ekzijans Lwa ki konsène Ameriken ki gen Andikap yo (Americans with Disabilities Act)."

355-1415-158

DEPATMAN RESOUS EKONOMIK AK RÈGLEMANTÈ

Konfòmite a Kòd Komen Defi pou Pwopriyete
Rezidansyèl nan Konte Miami-Dade ki pa enkòpore



NEIGHBORHOOD REGULATIONS
11805 SW 26th Street, Suite 230
Miami, FL 33175-2464
Lendi - Vandredi
7:30 am – 4:00 pm
Esepte jou fèt



Ki itilizasyon yo otorize nan distrik rezidansyèl pou yon sèl fanmi (RU-1)?

- ✓ Rezidans pou yon sèl fanmi, ki gen ladann yon garaj prive.
- ✓ Depandans, sèlman lè gen otorizasyon pou sa apre yon odyans piblik.
- ✓ Yap otorize yon telefòn pou biznis, depi pa gen okenn kamyon, gwo ekipman, oswa jande machin konsa ki rete sou pwopriyete a e depi yo pa sèvi ak pwopriyete a pou fè depo ni depi pa gen okenn lòt aktivite komèsyal ki fèt sou li.
- ✓ Inite lojman pou moun kap travay konfòmman a Atik XII A nan Kòd Òdonans Konte Miami-Dade.
- ✓ Teren Gòlf.

- ✓ Blding minisipal pou lwazi, teren rekreyatif, pak piblik oswa rezèv minisipalite, Konte, Leta oswa Gouvènman Ameriken posede e ap jere.
- ✓ Kalòj pijon ki pa pou itilizasyon komèsyal depi pijon yo loje nan yon anplasman ki satisfè ekzijans Kòd Konstriksyon Florida ak ekzijans sou konstriksyon akseswa.
- ✓ Zòn prive pou lwazi, bilding prive pou lwazi oswa teren rekreyatif ke yon asosyasyon pwopriyete kay oswa asosyasyon lokatè posede e ap antretni, depi yo apwouve l ansanm avèk apwobasyon soudivizyon an lè yo te apwouve plan anplasman an oswa pasèl la.
- ✓ Waf pou bato ki pa pou itilizasyon komèsyal oswa anplasman pou anbakasyon akseswa veso prive pou dlo pou itilizasyon rezidan syèl ki la deja, esepite kay sou dlo san elektrisite.
- ✓ Yo otorize yon gadri familyal lajounen ak gadri apre lekòl pou timoun, depi tout kondisyon nan Seksyon 33-199 nan Kòd Òdonans Konte Miami-Dade yo respekte.
- ✓ Yo otorize yon rezidans kolektif, depi tout kondisyon nan Seksyon 33-199 nan Kòd Òdonans Konte Miami-Dade yo respekte.

Yo entèdi itilizasyon sa yo nan distrik rezidansyèl pou yon sèl fanmi an?

- ✗ Rich abèy oswa repwodiksyon oswa elvaj kèlkeswa ensèk, reptil oswa zannimo apade bèt domestik abityèl.
- ✗ Detansyon, elvaj oswa okipasyon chwal, betay, oswa kabrit.
- ✗ Elvaj bèt volay, ki enkli men ki pa limite a sa yo sèlman, poul, kòk, oswa kann.

Aplikasyon règleman yo

Itilizasyon apade sa yo espesifye nan Seksyon 33-199 nan Kòd Òdonans Konte Miami-Dade la, ap lakòz yo bay responsab vyolasyon an yon Avètisman Koutwazi. Lè sa aplikab, yap bay ni lokatè a ni pwopriyete a avi ki gen rapò avèk aplikasyon règleman yo; sepandan, se pwopriyete a ki se moun ki gen responsabilite final pou l konfòme l a règleman yo.

Aprè moun nan fin resevwa Avètisman Koutwazi a, si malgresa li pa konfòme l a règleman yo, sa pral lakòz yo bay pwopriyete a ak lokatè a, yon kontravansyon, selon Chapit 8CC nan Kòd Òdonans Konte Miami-Dade la.

Al gade nan Seksyon 33-199 ak 33-200 nan Kòd Òdonans Konte Miami-Dade